Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 26 (6426) 24 апрель 2015 с. Рузман Ражаб 1436 с. Багьа 5 гъур.



РАГІАД БИТІУЛАРЕБИН, ТІИЛ ГЬЕТІАРАБ БУГОНИ...

## Депутатаз пулел гьураз хІалтІулел...

### Рищиязул комиссиязул данделъи тІобитІана

**2015 соналъул 23 апрелалда Гумбет районалда тІобитІана участковиял рищиязул комиссиязул данделъи. «2015 соналъул 13 сентябралда бакІалъулаб самоуправлениялъул органазде рищиял тІоритІиялде хІадурлъиялъул ва гьел тІоритІиялъул рахъалъ рищиязул комиссиязул масъалабазул хІакъалъулъ» абураб суал гьоркьоб лъуна гьеб данделъиналда.**

ДанделъиялдагІахьаллъана «Цогояб Россия» ВППялъул бакІалъулаб Гумбет отделениялъул секретарь, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер **МухІамадгІали МухІамадгІалиев,** Дагъистан Республикаялъул рищиязул комиссиялъул секретарь **Халид Халидов,** Гумбет районалъул прокурор **МухІамад МухІамадов,** районалъул жамгІияб палатаялъул ва хеpазул советалъул председателал, росабазул администрациязул бутІрул, учреждениязул ва гІуцІабазул нухмалъулел.

Семинар -совещание рагьана Гумбет районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул председатель **ГІабдулмажид Асламхановас**.

Данделъиялъул гІахьалчагІазда бакІалъулаб тІалъиялъул къо баркиялъул кІалъай гьабуна «Цогояб Россия» ВППялъул отделениялъул секретарь, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас. Рищиязул хІакъалъулъ законал хвезариялъе гІоло жавабчилъиялъул хІакъалъулъ бицана районалъул прокурор МухІамад МухІамадовас. Дагъистан Республикаялъул рищиязул комиссиялъул секретарь Халид Халидовас тІадчІей гьабуна рищиязул хІакъалъулъ федералиял законазда ругел хиса-басиязда, муниципалиял гІуцІабазул бутІрул, бакІалъулаб самоуправлениялъул органазул депутатал рищиялъул къагІидабазда ва цогидалги суалазда. Семинаралда гьединго кІалъазе вахъана «Цогояб Россия» ВППялъул бакІалъулаб Гумбеталда бугеб отделениялъул исполкомалъул нухмалъулев **АхІмад Сулаймановги** цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН. АДАБИЯТАЛЪУЛ СОН

## Хунжрул гІодулел руго, гІумрудул хІисаб гьабун...

### ЦІияб Аргъваниб – адабияталъул байрам

**21 апрелалда ЦІияб Аргъвани росулъ тІобитІана хъвадарухъабазулгун дандчІвай. Эргъвендерил цІалдохъаби ва жамагІатчагІи дандчІвана хъвадарухъаби ПатІимат АхІмадибировагун ва ХІамзат ГІизудиновгун. Гьеб тадбир гІуцІана ЦІияб Аргъвани росдал маданиябгун хІухьбахъиялъул идараялъул нухмалъулей Эльмира Ибрагьимовалъул хІаракаталдалъун.**

Адабияталъул къо тІобитІиялъе гьединго квербакъана «Сельсовет “Аргванинский”» муниципалияб гІуцІиялъул нухмалъиялъ, маданияб гІуцІиялъ, ЦІияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъ, библиотекаялъул хІалтІухъабаз ва цогидазги.

Данделъи рагьана ва бачана ЦІияб Аргъвани росдал маданиябгун хІухьбахъиялъул идараялъул нухмалъулей **Эльмира Ибрагьимовалъ**. ЦІияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул цІалдохъабаз рикІкІана ПатІимат АхІмадибировалъул ва ХІамзат ГІизудиновасул асарал. АхІмадибировалъ КІудияб ВатІанияб рагъул темаялда хъварал кучІдул лъазарун ругоан лъималаз. ЦІалдохъабаз гьединго ракІалдасан цІалана ХІамзат ГІизудиновасул «АварухІ» поэмаялдаса мухъал, «ХъахІал къункърабазда нух къосун буго», «ГІагараб ракь бокьи буго хІакъаб парз», «ТІадегІанав Аллагь валагьун вуго», «Ассаламу гІалайкум, гІагараб Гьарадерихъ!», «Хунжрул гІодулел руго» абурал ва цогидалги асарал.

Данделъиялда кІалъана ва жидерго назмаби цІалана хъвадарухъаби ПатІимат АхІмадибировалъ ва ХІамзат ГІизудиновас. Гьединго гьез маданияталъул хІалтІухъабазе сайгъат гьаруна жидерго тІахьал. Хъвадарухъабазулгун дандчІваялда кІалъаял гьаруна «Сельсовет “Аргванинский”» муниципалияб гІуцІиялъул культураялъул идараялъул директор **ГІалибег МухІамадовас,** ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель **Маржанат ГІалиевалъ,** тарихчи **НурмухІамад НурмухІамадовас** ва цогидазги.



ЦІияб Аргъвани тІобитІараб адабияталъул къо ккола Россиялда исана лъазабураб Литератураялъул сон кІодо гьабун, цІияб гІелалъе лъикІаб тарбия кьей ва цІалуде гьезул рокьи цІикІкІинаби мурадалда гІуцІараб тадбир.

ЦІалдохъабаз гьединго цебечІезабуна магІарулазул рукІа-рахъинги. ЦІоросаролъ чІучІиялъул гваялда гьез рикІкІана ПатІимат АхІмадибировалъул ва ХІамзат ГІизудиновасул кучІдул. Хъвадарухъабазе тадбир гІуцІараз сайгъаталги кьуна.

«РухІияб гьечІони нилъер берцинлъи, БатІияб берцинлъи - берцинлъи гуро, РухІияб гьечІони нилъер бечелъи, Нахъияб бечелъи - бечелъи гуро».

**Информациялъулаб «Гумбет» гІуцІи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Потстамалъул конференция цІунарав

-2 гьум.



Халкъазда гьоркьосеб форум - фестивалалда гІахьаллъана

-2 гьум.



Рагъул ветеран Абакар ХІасанов

-3 гьум.



Бакълъулал зияраталда

-4 гьум.

БАРКИЯЛ

# Муниципалиял хIалтIухъабазда баркула!

**ХIурматиял депутатал, муниципалиял хъулухъчагIи, муниципалияб хъулухъалъул ветеранал ва бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул киналго хIалтIухъаби!**

Къабул гьабе байрамалда хурхун нижер ракI-ракIалъулаб барки.

Россиялъе цIияблъун кколеб муниципалиял хIалтIухъабазул байрамалъ борхизабула жамгIият цебетIеялъулъ бакIалъулаб самоуправлениялъул кIвар. Гумбет районалъул халкъалъул гIумруялъул даража лъикIлъизабиялъул гIемерал суалал тIуразариялъул тIадегIанаб ва хIурматияб борч гIумруялде бахъинабулеб буго нужеца. Халкъалъул тIалабагъаз гьабиялде бажариги, къуватги, лъайги буссинабун буго.

Дагъистан Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул нухмалъиялда, жакъа кIудияб хIалбихьи щун буго нухмалъиялъул киналго структураби мунпагIат кьоледухъ цадахъ рекъон хIалтIиялъе.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, халкъалъе хъулухъ гьабиялъул жавабияб ва захIматаб хIалтIулъ бергьенлъаби, район цебетIезабиялъе гIоло къеркьеялъулъ лъикIал хIасилал.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер М. МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГI. ГIабдулкъадиров**

# Ихдалил байрам

**ХIурматиял районцоял!**
**ТIаде щолеб буго гвангъараб ихдалил байрам – ТIолгодунялалъулго халкъазул цолъиялъул, гьудуллъиялъул, ракълил ва вацлъиялъул къо – тIоцебесеб май.**

Гьеб байрамалда Гумбет районалъул гIадамаз дандчIвай гьабулеб буго районалъул экономикаялъул, культураялъул ва социалиял суалал тартибалда тIураялъул, гIадамазул гIумру цебетIезабиялъе гьоркьоса къотIичIого гьабулеб хIаракатчилъиялъул шартIазда, цоцалъ гъункун, букIинесеб лъикIалде щулияб рекIелчIеялда.

РакI-ракIалъ баркула нужеда ихдалил, захIматалъул, ракълил, цолъиялъул ва гьудуллъиялъул байрам! Гьарула нужер щивасе эркенлъи, сахлъи, рес бугоълъи, хIалтIулъ бергьенлъаби, халатаб гIумру!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер М. МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГI. ГIабдулкъадиров**

# ЦIа ккеялдаса цIуниялъул хIалтIухъабазул къо

Районалъул цIа ккеялдаса цIуниялъул № 45 часталъул хIалтIухъабазда баркула гьезул махщалилаб байрам. Гьарула щулияб сахлъи, щивасул хъизамалда талихI-рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер М. МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГI. ГIабдулкъадиров**

# Халкъазда гьоркьосеб форум - фестивалалда гIахьаллъана

**Гумбет районалъул делегация, бетIералда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун гIахьаллъана Дагъистаналъул культураялъул министерствоялъ, «Единая Россия» партиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъ ва Лаваша районалъул муниципалияб гIуцIиялъ тIобитIараб Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул центразул МугIрузул территориалияб округалъул халкъазда гьоркьосеб форум – фестивалалда.**

Форум рагьана ДРялъул культураялъул министралъул заместитель **М. Мугадовалъ**. Гьенив кIалъазе вахъарав «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас тIадчIей гьабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул центразул хIаракатчилъиялъул кIваралда, адабияталъул соналъул творческиял проектал гIумруялде рахъинариялда, КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялде, Дербент шагьаралъ 2000 сон тIубаялде хIадурлъиялда бан церечIарал масъалабазда.

Форумалда гIахьаллъана гьединго «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Каримов**, культураялъул, физическиб, культураялъул, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибиров**, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул нухмалъулев **Набигула АхIмадибиров.**

«Гумбет» РИО

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО. КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 70 СОН

# Потстамалъул конференция цIунарав

**Гьале нилъеде тIаде щолеб буго гьайбатаб байрам – фашистияб Германиялда тIад нилъер Яргъилал къуватаз бергьенлъи босаралдаса лъабкъоялда анцIго сон тIубай. Рагъул балагъал сонал нилъедаса рикIкIалъанагIан, загьирго цебе рехулеб буго ВатIанияб рагъда нилъер гIадамаз гьабураб дунялалъулего тарихияб кIвар бугеб гьунаралъул кIодолъи. ХутIичIо цониги чи гьеб рагъул къогIлъиги, гIасилъиги жиндида хьатIичIев. Киналго цолъун, вацлъиялда рагъана советиял гIадамал гIасияв, цIоб гьечIев тушмангун. Гьелъул хIасилалда нилъеца босана КIудияб Бергьенлъи фашизмаялда тIад ва эркен гьабуна тIолабго инсаният зулмуялдаса. Нилъер халкъалъ цойги нухалъ бихьизабуна, нилъеца нилъерго ракь чияе кьолареблъи. «Нилъеде хечгун вачIарав, хьвалдасан хвезе вуго» абураб кициги нилъер халкъалъ борхатго ккуна.**

Дие гьаниб бицине бокьун буго ВатIанияб рагъул гIахьалчи, анкьо соналъ жиндица ВатIаналъе хъулухъ гьабурав дирго кIудад **МухIамадсагIит ГIамирудиновасул** хIакъалъулъ. Нижеца нахъе цIунун руго кIудадал рагъда щварал шапакъатал: медалал, орден, грамота, живго И. В. Сталиница гъулбас гьабураб. Гьеб грамота кIудадае кьун буго Потстамалъул конференция цIунаралъухъ. Гьединго цIунун руго кIудадал альбомал, киналго рагъул гьудулзабазул, жинцаго хъулухъ гьабураб 92 аб. гIорхъаби цIунулезул полкалъул сураталги жанир ругел, жиндирго рагъул нухги бихьизе гьабун бугел. КIудадал нахъе руго гьес гьарурал хъвай - хъвагIаялги, рагъда ккарал цо-цо лъугьа- бахъиназул хIакъалъулъ хъварал.

КIудадал рагъул нух байбихьана Сталинградалдасан. 1942 соналда витIула Тейпово-Ивановск областалде сержантазул школалде. ЦIали лъугIун хадув, витIула Карпаталде гIорхъаби цIунулезул 92 полкалде. Рагъде ккола гьеб-го соналъул декабралда. Рагъ лъугIизегIан вукIана гьеб полкалда. КIудада гIахьаллъана тушманасдаса Россиялъул шагьарал эркен гьарулел рагъазулъ: Воронеж, Житомир, Подольск, Станислав, Карпаталъул мугIрул, гьединго гьес тIубазабуна интернационалияб налъи. ГIахьаллъана Чехословакия, Польша, Венгрия, Румыния тушманасдаса эркен гьарулел рагъазулъ. Рагъул нух кIудадаца байбихьана гIадатияв солдатасдаса, хадуб щвана сержантасул цIар, вукIана взводалъул командирасул кумекчилъун. Дир кIудадае кидаго девизлъун рукIана гьадинал рагIаби «Чекистазул букIине ккола гIакълу бугеб бетIер, гьалдолеб ракI, рацIцIадал кверал». ТIубараб гIумруялъго кIудада вукIана ритIухъавлъун гьеб девизалъе ва куцана гьединго жиндирго лъимал.



КIудадал хъвай - хъвагIаяздаса: «Бергьенлъиялда нижер 92 полкалъ дандчIвай гьабуна Чехословакиялда. КIочонареб букIана гьеб къо. Нижер баталъоналъул командир М. Паджевас цIалана телеграмма, Германиялда тIад бергьенлъи босиялъул. Гьениб букIараб рохалил бицун хIал кIвеларо. КватIичIого нижер полк рекIинабуна эшелоназда. Нижеда лъалеб букIинчIо кире ниж рачунел ругелали. Хадуб бицана Германиялде рачунел ругин. Щвана Берлиналде: чIунтарал рукъзалги, бих-бихараб вокзалги, рухIарал машинабиги, танкалги, цогидаб рагъул сурсатги, чIорогоял къватIалги. Гьале Берлин нижеда бихьараб. Гьадинабищха мун букIараб тушманасул тахшагьар! Гьенисан ниж рачана Потстамалде. Гьенир ратана нижго гIадал цогиги пограничникалги. Щай ниж гьанир ругелали лъалев чи вукIинчIо. Нижее кIудияб ургъелги букIинчIо гьелъул. Киназулго ракIал цIун рукIана рохалица, чIухIиялъ. Нижее бачIана цIияб рагъулаб формаги, ярагъги. Гьениб нижеда бицана нижеца цIунизе кколин Потстамалъул конференция. Ниж рачана вокзалалде. РачIине лъугьана тIадагьал автомашинаби. КватIичIого тIаде щвана поезд. Киналго ралагьун чIун рукIана. Вагоналъуса къватIиве вачIана И. В. Сталин. Гьес эхеде кверги борхун салам кьуна киназего. ТIоцеве гьенив вихьана дида Сталин. Конференциялъ жиндирго хIалтIи байбихьана къалъудаса хадуб. КIудияб жавабчилъиялда ва рекIел чIухIиялда цIунана нижеца гьеб кIудияб, кIвар цIикIкIараб, фашизмаялъе ахир лъураб, конференция. ТIадегIанаб даражаялда гьеб конференция цIунаралъухъ, дие кьуна грамота.

Нижер 92 аб. гIорхъаби цIунулезул полкалъ ракIбацIцIадго, рухIалда барахщичIого тIубазабуна ВатIаналъ нижеда цере лъурал масъалаби. Ккуна ва тIагIинаруна хиянатчагIи, жасусал, гьачагъал, диверсантал. Ниж рачана Германиялде хъамалчагIи гIадин ругел, гьезие ракълилаб гIумру гIуцIизе кумек гьабизе. Гьедин нижер полк хутIана Германиялда 1949 соналъул апрель моцIалде щвезегIан. Немцаз кIудияб адабалда нуха регIана бахIарчилъиялъулги гьунаралъулги цIар араб, жиндие БагIараб Байрахъ орден щвараб, нижер полк».

Гьедин лъугIана дир кIудадал 1942 соналъул апрелалда Сталинградалдаса байбихьараб ва 1949 соналъул апрелалда Германиялда лъугIараб рагъул нух. ТIубараб анкьо соналъ вукIана кIудада БагIараб Армиялъул къерда. ГIумруялъе ахирал къоязде щвезегIан гьоркьоса къотIичIого кIудадал рагъул гьудулзабазулгун бухьен. Гьелин абуни рукIана щибаб шагьаралда.

Хадуб кIудадаца байбихьана ракълилаб гIумру гIуцIизе. Анкьго соналъ гьабуна колхозалъе председательлъи. Хадуб, Буйнакскиялъул финансазул техникумги лъугIизабун, хIалтIана Болъихъ ва Гумбет районазда экономистлъун, финотделалъул нухмалъулесул заместительлъун, бетIерав инспекторлъун. Кив хIалтIизе кканиги, кIудада вукIана ракIбацIцIадго. Гьединаб хIалтIухъ кIудада чанго нухалъ мустахIикълъана финансазул министерствоялъул ва районалъул нухмалъулезул рахьалъан ХIурматалъул грамотабазе, баркалабазе, щвана каранда ралел гIаламатал «РакIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло» «Социалистияб къецалъулъ бергьарав».

Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ кIудадае кьун буго анкьго медаль ва цо Реццалъул орден. Рагъда гьев чанго нухалъ лъукъунги вукIана. Гьесул букIана контужение, кваранаб гIиналда дагъав гIинкъав вукIана, квегIаб кверальул цо килищги сукIулароан. КIудадаца тарбия кьун гIезабуна анлъго лъимер: ункъго васги, кIиго ясги. Киназего щвана тIадегIанаб лъай ва хIалтIулел руго батIи-батIиял хъулухъазда. Гьесул васаз ва лъималазул лъималаз хъулухъ гьабуна армиялда ва тIад руссана старшина ва сержант абурал цIаралгун. РакIбацIцIадго гьабураб хъулухъалъухъ гьелги мустахIикълъана командованиялъул рахьалдасан грамотабазе ва эбел- инсухъе рачIана баркалаялъул кагътал.

КIудада хвана 1987 соналъ ва вукъун вуго гIагараб росдал хабзалалъ.

Нижеца кIудадал рокъоб гьабун буго гьитIинабго музей. Гьенир руго гьесул киналго шапакъаталги, Потстамалъул конференциялъул суратги, грамотабиги, альбомалги, кIудадал кверальъ гьарурал хъвай- хъвагIаялги.

**Сакинат МухIамадтIаминова, ТIад Инхо ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб гьоркьохъеб школалъул магIарул мацIалъул мугIалим**

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.
Инхоса Пали-хІажи

№ 26 24 апрель 2015 с.

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТІУБАЯЛДЕ

# Утренник тІобитІана

**КІудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тІубаялъул хІурматалда МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул Равзанат ГІумаровалъ нухмалъи гьабулеб 3 «а» классалда тІобитІана «Этот день мы приближали, как могли» абураб темаялда утренник.**

Гьениб лъималаз рицана ва ахІана рагъул хІакъалъулъ кучІдул. РакІалде щвезаруна рагъдаса руссинчІел ва тІадруссун хадур нилъедаса ратІалъарал рагъухъаби. Лъималаз ракІарун рукІана рагъде арал росуцоязул суратал. Биччана гьезул автобиография ва суратал чІвараб «Мехельтинцы – фронтовики» абураб къадал газета.

Гьеб классалъул цІалдохъабаз планалде босун букІана рагъул сонazул тылалъул захІматчагІазухъе инеги.

## Ветеранасул чІужу

**Гьедин, утренникалдаса хадур гьеб классалъул цІалдохъаби мугІалим Равзанат ГІумаровагун щвана рагъул соназул хІалтІул ветеран, тылалъул захІматчІужу ГІайшат МухІамадовалъухъе гьоболлъухъ. ГІайшатица лъимал разиго къабул гьаруна. Гьелъ** сонална хвана эмен. Кинабго хъизаналъул захІмалъи бегана гьесда тІаде.

1943 соналда гІарзаги къун ана ВатІан цІунизе. 1945 соналъул ноябрь моцІалде щвезегІан вукІана рагъда. Гьев лъукъун вукІана захІматго 3 нухалъ. Гьесул руго



лъималазе бицана жидер букІараб захІматаб гІумруялъул, рос МухІамад УхІумасултановасул рагъулаб нухалъул хІакъалъулъ.

- МухІамад УхІумасултанов гьавуна 1924 соналда МелъелтІа росулъ, - ян бицана ГІайшатица. Гьесул букІана захІматаб гІумру. 1939 гІемерал медалал ва «БагІараб цІва», «Багьадурлъиялъе гІоло» орденал, баркалаяльулал кагътал.

Лъималазе кутакалда бокьана ГІайшатил хабар. Жиндир гьабураб адаб-хІурматалъухъ ГІайшатица гьезие баркала къуна.

## Рагъул ветеран Абакар ХІасанов

**МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул учительница Равзанат ГІумаровагун цІалдохъаби щвана МелъелтІа росулъ цо хутІарав, КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчи Абакар ХІасановасухъеги.**

Гьес лъималазе бицана рагъда ккарал ракІалдаса унарел цо-цо лъугьа-бахъинал ва абуна гьединаб заман нужеда тІаде Аллагьас биччагегиян.

Лъималазги Абакардадае гьарана сахлъи.

**ГІайшат Исламбиева**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Ккана цо-цо хъизабаздаса кІи-кІи, лъаб-лъаб цадахъ аралги

**Аргъвани росулъа ВатІан цІунизе ана кинавниги 94 чи. Гьездасан тІад вуссана 33 чи. Ккана цо-цо хъизабаздаса кІи-кІи, лъаб-лъабал цадахъ рагъде аралги ХІажи СултанмухІамадовасул ва ГІабдулхІамид Зубаировасулги рагъда чІвана кІи-кІи вац.**

Лъабго вас рагъде витІана **Зубаир Къурбановасул.** Гьезул кІигояв инвалидал лъугьун рокъоре тІад руссана. Лъабабилев вас – **МухІамадгІалил** хоб буго Житомир областалъул Сухаровка росулъ. Гьединго бокьун гІарзаги кьун, МухІамадгІалида цадахъ цо кьоялъ рагъде ана **Муса АхІмадовасул, МухІамад ГІалиевасул, МухІамадгІали ГІамиргІалиевасул, Меседол ГІадул** хъизаналдаса васалги.

Гьез рухІ кьуна Росcиялъул букІинеселъе гІоло. ГьабсагІат Аргъвани росулъ цониги рагъул гІахьалчи чІаго гьечІо. Гьел нилъедаса ратІалъана. Ахират лъикІаб кьун батаги.

Росабалъ рагъде арал, вацал, васал нухдаги регІун жалго хутІарал руччабазде тІаде ккана кІудияб захІмат – гІакъуба. Гьабуна фронталъе кумек, хІалтІана хурзабахъ, заводалда, фабриказда.

Нус-нус гІолохъанал ясал учительзабилъун мединаялъул хІалтІухъабилъун нилъер мугІрузул районазде хІалтІизе ритІун рачІана. Гьединаздасан цояй ккола, рагъда хадусел захІматал соназ Аргъвани росулъе медсестралъун хІалтІизе ячІарай гІурус яс, лъабго соналъ цее нилъедаса ятІалъарай, **Бирина Клавдия (Калимат).** Аргъваниса **ХІажи ГІабдулхІалимовасги** гьелъги тарбия кьун гІезабуна 3 лъимер.

Исана КІудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тІубаялъул юбилеялда хурхун ЦІияб Аргъвани библиотекаялъги цо кьадаралъулаб хІалтІи гьабулеб буго. Библиотекаялда гІуцІун руго тІахьазул выставкаби, стендал, гьарула гара-чІвариял. Школалъулгун, клубалъулгун ва росдал администрациялъулгун дандбан тІоритІула батІи-батІиял тадбирал, гьаруна беседаби. Школалда, армиялдаса тІадруссарал росуцоязулгун гьарула дандчІваял. Гьединал тадбирал тІоритІиялъ квербакъиги гьабула армиялда гІолилаз унго-унгояб хъулухъ гьабиялъе.

**Муслимат ГІумарова, ЦІияб Аргъвани росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТІУБАЯЛДЕ

# ЦІаналъел рагъда ва тылалда

**1941 соналъ ЦІаналъ букІана 34 цІараки. ГьитІинабго ЦІаналъ росулъа ВатІан цІунизе ана 16 гІолилав. Гьезул анлъгояв гурони нахъруссинчІо, 10 гІолохъанчияс рухІ кьуна ВатІан цІуниялъе гІоло. Къалул байданалда хутІана: МухІамад ГІалиев, ГІабдулагь ГІалиев, ШагІбан Зияратов, РахІматулагь Зияратов, ГІабдулзагьид Малачиев, ГІабид Сулиманов, МухІамад Сулиманов, ХІасанДибиров,Ханбутай ХІусенов, МухІамадрасул ШайхмухІамадов.**

Фронталдаса нахъ руссана: **УхІумагІали ХІажиев, МухІамад Зияратов, Сайгидхусен Ибрагьимов, Хьабалав ХІусенов, Сайгидсалим Жамалудинов, Манап Дибиров.**

Фронталда хварал: МухІамад ГІалиевасул ва РахІматулагь Зияратовасул хобал руго Украиналда. ХутІарал 8 гІолохъанчиясул щибго лъаларо. Фашизмалда тІад бергьенлъи босиялъе гІоло кьеркьеялъулъ кІудияб бутІа лъуна нижер росдал тылалда хІалтІаразги. КІудияб ВатІаниябрагъул соназда кІудияб къо хІехьейгун свак лъачІого хІалтІаразда гьоркьоб рехсезе бегьула 12-14 сонил гІумруялде рахарал васазул, ясазул ва харабазул цІарал. Гьел ккола **МухІамад ХІассанов, Юсуп Шихамиров, МухІамад Амидов, ГІиса ГІалиев, Аминат МухІамадова, ГІаишат ГІисаева, ХІапизат Набиева, Чакар Валиева, Багистан ГІалиева** ва цогидалги.

ЦІаналъ маданиябгун хІухьбахъиялъул централда ва школалда щибаб соналъ кІодо гьабула Бергьенлъиялъул байрам.

**МухІамаднаби ПатахІов, ЦІаналъ росдал КДЦялъул нухмалъулев**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЛъаратІа: росдал гІумруялъул хІужаби

### Сахлъи цІуниялъул кьоялъ

Сахлъиялъул тІолгодуниялалъул кьоялъ ЛъаратІа фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пунктальул нухмалъулей ГІайшат ГІимрановалъ гІадамазе гарачІвари гьабуна багІарараб заманалда инфаркталдаса цІуниялъе гьаризе кколел тадбиразул хІакъалъулъ.

### Маргьабазул къо

ЛъаратІа «Мильиршо» лъималазул ахикь тІобитІана маргьабазул къо. ГьитІичаз гьенир рицана гІемерал маргьаби, «Гурга» абураб маргьаялда рекъон гІуцІараб сценка. Маргьабазул къо сайгъат гьабун букІана лъималазул тІахьазул кьоялъе.

### Космонавтазул кьоялъ

ЛъаратІа росдал библиотекаялда космонавтазул кьоялда хурхун, тІахьазул выставка гІуцІун букІана. 18 авторасул тІахьал лъун рукІана гьенир.

### Шахматал хІалезул кьецал

ЛъаратІа росдал маданияб централда тІоритІана шахматал хІалезул кьецал. Гьел сайгъат гьарун рукІана КІудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тІубаялъул юбилеялъе. ГІолилазда гьоркьор тІоритІарал кьецаз-



да тІоцебесеб бакІ Шамил Сурхаевас, кІиабилеб бакІ Мурад ГІисаевас ккуна. Бергьаразе гІарцулал сайгъаталги щвана.

**Барият ГІалиева, ЛъаратІа росдал библиотекаялъул нухмалъулей**

РОСДАЛ МАГІИШАТ

# Ихдалил рекьи

**- Районалъул хъутабазда гьабсагІат тІадбан унеб буго ихдалил рекьи. 22 апрелалде 100 гектар планалъул бакІалда, 126 гектаралда люцерна бекьана, – ян бицана Гумбет районалъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, бугольниялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас.**

Щибаб СПКязул батІа-батІа рехсани: «Мехельтинский» СПКялда 40, «Данухский» СПКялда – 10, «Цундинский» СПКялда – 17, «Ингишинский» СПКялда – 20, ИчичІали колхозалда – 15, «Тляратинский» СПКялда – 24 гектаралда люцерна бекьун буго. «Цундинский» СПКялда – 4, «Тляратинский» СПКялда 10 гектаралда нихаги бекьун буго. Хъутабазда цо сонилал хурдул рекьана 25 гектаралда.

Гьединго цІияб ах чІана 17 гектаралда, 27 гектаралда басриял ахал цІи гьарун къачІана. ЦІияб ах чІезе мельелдерил Нарыш хъутаналда 10 гектаралда ракь бегана.

МагІарухъги гІадамаз байбихьана ихдалил рекьуде. Хьан буго 30 гектаралда ниха, 10 гектаралда пурчІина. Бекьун буго 30 гектаралда картошка.

**ГІайшат Исламбиева**

ДОКУМЕНТЫ

# Протокол публичных слушаний по изменениям и дополнениям в Устав МР «Гумбетовский район»

**Слушания состоялись 20.04.2015г. в актовом зале администрации района.**

**Председательствующий - председатель Собрания депутатов Магомедалиев Магомедали Абасович**

**Секретарь - Газгереев М.Г., секретарь Собрания депутатов.**

**Присутствовали - 152 чел.**

С сообщением по вопросу изменений и дополнений в Устав района выступил зам. Председателя Собрания депутатов **Дайтмирзаев А.М.,** который ознакомил присутствующих с предлагаемыми изменениями и дополнениями в Устав района и необходимости их внесения в целях приведения Устава в соответствие с федеральным законодательством.

С предложениями и замечаниями выступили: **Узаиров С.М.,** житель с.Килятль, депутат районного Собрания; **Давудгаджиев А.И.,** житель с.Цилитль, глава администрации СП «сельсовет Цилитлинский», **Магомедов У.Д.** житель с.Мехельта, **Магомедов Г.А.** житель с. Аргвани, **Магомедов Ю.А.,** депутат районного Собрания **Гамзатов Ю.,** житель с.Н-Инхо, депутат районного Собрания, которые одобрили внесенные изменения и дополнения и внесли предложение о голосовании по ним.

По результатам голосования определено, что все единогласно одобряют проект Решения Собрания депутатов от 03.04.2015г. №63 «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Гумбетовский район».

Обсудив сообщения Дайтмирзаева А.М. и заслушав поступившие замечания и предложения участников публичных слушаний в Устав по проекту изменений и дополнений в Устав МР «Гумбетовский район»,

**Решили:**

1. Одобрить изменения и дополнения в Устав района в предлагаемом и обнародованном виде.
2. Протокол публичных слушаний обнародовать до 27.04.2015г.

Голосовали: за «152»

Против - «нет», принято - единогласно.

**Председательствующий- М.А.Магомедалиев**
**Секретарь М.Газгереев**

ИСЛАМАЛЪ ГЪАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# Бакълъулал зияраталда

**2015 соналъул 5 апрелалда гьатIан къоялъул рогьалил какдаса хадур районалъул росабалъаги ва район тун къватIирехун яшав гьабулезулги машинабазул читIирал рагьарана МахIачхъалаялде кIудияб мажгиталда аскIор данделъизе. Гумбет районалъул имам ГIабдула-хIажи Закарикаевас бичIчIинабуна зияраталде Дербенталде ине рукIиналъул ва кинал тадбирал гьаризе ният бугебалиги. Исламалъул, Дагъистаналъул ва Россиялъул байрахъалгун машинабазул колонна багъарана МахIачхъалаялдаса Дербент шагьаралдехун.**

Кьалъизе сагIат хутIараб заманалда щвана Дербенталъул цIияб мажгиталде. Гьеб мажгиталда жанив как базе вачIун вукIана Гумбет районалъул росабалъа 550 гIанасев чи. Цогидал Дербенталъул кIудияб мажгиталдаги рукIанин бицана. Кьалъул какдаса хадуб гьабуна вагIза- насихIат. Гьениб аслияб къагIидаялда бицана Дагъистаналда исламалъул тIибитIизабизе рачIарал асхIабзабазул хIакъалъулъ. Хасго рекIелъе бортулеб кIалъай гьабуна гIарабалъа вачIарав аварагасул наслуялъул гIалимчияс. Гьес ракI хIайран гьабулеб къагIидаялда бицана аварагасул ва гьесул асхIабзабазул гIумруялъул, гьезул тIабигIатазул. Гьениб кIалъай гьабуна динияб идараялда ругел ва цойгидал идарабазда ругел нилъер районцоязги. АхIана мавлид, битIана аварагасде свалат. Мажгиталдаса къватIире рахъун кодор байрахъалгун битIулаго свалаватгун бакълъулал рагъарана Аварагасул асхIабзаби рукъараб хабалалъе. АсхIабзабазул хобазде аскIорегIан ине киназего рес щвечIо чи гIемерлъиялъ. Гьениб къулгъу гьабуна, Къуръаналдаса сурат цIалана, гьаруна дугIаби. Гьениса кьокъа гьабун тIадруссана гъобо мажгиталде. Гьениб цоцазда зиярат баркун, рохел загьир гьабун, киназего вокьарав Аварагасул наслуялъул гIарабасда аскIорчIун сурат, видеоял рахъун, гьесулгунги, цоцазулги къомех лъикI гьабун тIад руссана бакълъулазул жамагIатал жиде-жидер росабалъе ва шагьаразде. Аллагьас Дербенталде Аварагасул асхIабзабазул хабалазде аразул зияратги къабул гьабеги, гьел асхIабзабазул шафагIат Гумбет районалъул киналго росабазул агьлуязеги щвезабеги.

**Сулайман МухIамаднуров,**
**ЦIиликь росу**

БАРКИ

**Россиялъул Пенсиязул фондалъул Дагъистаналда бугеб отделениялъул Гумбеталъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновасда баркула гIумруялъул 60 сон тIубай. Гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби ва кинабго лъикIабщинаб!**



ОБЪЯВЛЕНИЕ

# Все о детских пособиях

**Уважаемые получатели ежемесячного пособия на детей в сумме 112 рублей!**

Сообщаем Вам о том, что согласно постановлению Правительства РД от 27 февраля 2015 года № 58 внесены изменения в Порядок назначения и выплаты этого пособия.

Постановлением установлено, что документы, подтверждающие доходы семьи должны быть обновлены и представлены в Управление социальной защиты населения каждые 3 года.

Убедительно просим всех получателей ежемесячных детских пособий, оформившим их более трёх лет назад, т.е. до марта - апреля 2012 года, срочно представить в Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» сведения о доходах, а именно:

Паспорта обоих родителей - оригиналы и копии;

Справки о зарплате родителей за три месяца, предшествующих месяцу представления документов;

Справка пенсионного фонда о пенсии членов семьи;

В случае если родители не работают - оригиналы и копии трудовых книжек при их наличии или справки сельской администрации, что не работают и не имеют трудовых книжек;

Выплата пособий, назначенных до марта 2012 года, приостановлена с 1 апреля 2015 года. Возобновление выплаты пособия будет произведено только после представления документов о доходах. Для сведения сообщаем, что установленный прожиточный минимум на 1 января 2015 года составляет 7453 рубля.

По всем вопросам обращаться в Управление социальной защиты населения в МО «Гумбетовский район» или обращаться по телефону «горячей линии» Управления

2 - 62 - 79.

ЗИГАРАБИ

ЦIиликь росулъа **ГIумархIажи ГIалимирзаев** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала гьесул хъизан-лъималазда, гIагарлъиялда.

Хварасе алжан насиблъаги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**районалъул администрациялъул бетIер**
**ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул ва районалъул администрациялъул нухмалъулез СалихI ХIажиевасда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала, имгIал **ХIажи Рапигъулиев** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хварасе алжан насиблъаги.

Районалъул информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул хIалтIухъабаз Раисат МухIамадовалда гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала, кIудияв эмен **МухIамад** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хварасе ахират лъикIаб кьун батаги.


БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталы: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1481
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.